**दिन–सोमवार** **दिनांक–28.10.2024**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी काल्हि वीडियो कॉन्फ्रेसक माध्यमे एकावन हजार सँ बेसी नियुक्ति पत्र वितरित करताह। नियुक्ति पत्र प्राप्त करयवला युवा केन्द्र सरकारक विभिन्न मंत्रालय मे चयनित पद पर नियुक्त हेताह। रोजगार मेला देश भरि मे चालीस स्थान पर आयोजित कयल जायत। ई रोजगार मेला रोजगार मेलाक सृजन के प्राथमिकता देबाक प्रति प्रधानमंत्रीक वचनबद्धता के दर्शबैत अछि। ई मेला राष्ट्र निर्माण मे योगदान देबाक लेल रोजगारक अवसरक संग युवा लोकनि के सशक्त बनाओत। नव नियुक्त युवा लोकनि के आईगॉट कर्मयोगी पोर्टल पर उपलब्ध ऑनलाईन मॉड्यूल कर्मयोगी प्रारंभक माध्यमे बुनियादी प्रशिक्षण लेबाक अवसर भेटत।

---

एनडीए समन्वय समितिक एक महत्वपूर्ण बैसार आइ पटना मे मुख्यमंत्री आवास पर आयोजित भेल। बैसार मे विधानसभा चुनाव मे एनडीए के दू सय पचीस सीट पर विजय के लक्ष्य लऽकऽ रणनीति बनाओल गेल। एहि संग जिला स्तर पर सेहो एनडीए समन्वय समितिक गठन करबाक निर्णय लेल गेल। बैसारक बाद भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष दिलीप जायसवाल पत्रकार लोकनि के जनौलनि जे मुख्य रूप सँ एनडीए घटक दलक बीच समन्वय बनेबाक लक्ष्य पर चर्चा भेल। ओतहि, जदयूक प्रदेश अध्यक्ष उमेश कुशवाहा कहलनि जे एनडीए घटक दलक मध्य एकजुटता स्थापित अछि आ आगामी विधानसभा चुनाव मे एनडीएक सरकार बनत। ओतहि, लोजपा रामविलासक प्रदेश अध्यक्ष राजू तिवारी कहलनि जे बैसार मे बुथ स्तर धरि एनडीए घटक दलक मध्य तालमेल बढ़ेबाक निर्णय भेल। एहि बैसार मे मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक अतिरिक्त भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष दिलीप जायसवाल उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी, विजय कुमार सिन्हा, राष्ट्रीय लोकमोर्चाक अध्यक्ष उपेन्द्र कुशवाहा, हिन्दुस्तानी आवाम मोर्चाक संतोष कुमार सुमन समेत भाजपा, जदयू, लोजपा रामविलास आ हम के सांसद, विधायक आ विधान पार्षद सहित कतेको वरिष्ठ नेता उपस्थित छलाह।

---

प्रदेशक चारि विधानसभा क्षेत्र–तरारी, बेलागंज, इमामगंज आ रामगढ़ उपचुनाव मे आइ प्रत्याशी लोकनिक नामांकन पत्रक जांच कयल गेल। प्राप्त संवादक अनुसार रामगढ़ मे दू निर्दलीय प्रत्याशीक नामांकन पर्चा रद्द कऽ देल गेल। तीस अक्टूबर धरि प्रत्याशी अपन नाम वापस लऽ सकताह। मतदान तेरह नवंबर के होयत। जखनकि, भोटक गिनती तेईस नवंबर के कयल जायत।

———————————————————————

सार्वजनिक जीवन मे सत्यनिष्ठा के बढ़ावा देबाक आ भ्रष्टाचार मुक्त समाजक लक्ष्य प्राप्त करबाक लेल आइ सँ संपूर्ण देश मे सतर्कता जागरूकता सप्ताह मनाओल जा रहल अछि। भारत रत्न सरदार वल्लभ भाई पटेलक जयंती सप्ताह स्मरण मे प्रत्येक वर्ष सर्तकता जागरूकता सप्ताह मनाओल जाइत अछि। सप्ताहक आरंभ मे मंत्रालय, विभाग, सार्वजनिक क्षेत्रक उपक्रम, बैंक आ आनो संस्थान मे कर्मचारी लोकनि शपथ ग्रहण करैत छथि। एहि अवसर पर नव दिल्ली स्थित आकाशवाणी भवन मे आकाशवाणीक महानिदेशक डॉक्टर प्रज्ञा पालीवाल गौड़ अधिकारी लोकनि के सत्यनिष्ठाक शपथ दियौलनि। एम्हर, आकाशवाणी पटनाक परिसर मे सेहो अधिकारी–कर्मचारी लोकनि सत्यनिष्ठा आ सतर्कताक प्रतिज्ञा लेलनि। दरभंगामे जिलाधिकारी राजीव रौशन समाहरणालयक अधिकारी आ कर्मचारी लोकनि के सत्यनिष्ठाक शपथ दियौलनि।

———————————————————————

पूर्णियां सँ लोकसभा सांसद राजेश रंजन उर्फ पप्पू यादव अपन सुरक्षा बढ़ेबाक मांग कयलनि अछि। श्री यादव केन्द्रीय गृहमंत्री के लिखल पत्र मे कहलनि अछि जे हुनका लॉरेन्स विश्णोई गैंग सँ जान मारबाक धमकी भेटि रहल अछि। एहि लेल हुनका जेड श्रेणीक सुरक्षा देल जाय।

———————————————————————

नव दिल्ली स्थित एम्सक आईसीयू मे भर्ती सुप्रसिद्ध लोक गायिका शारदा सिन्हाक तबीयत स्थिर बनल अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ शारदा सिन्हाक पुत्र अंशुमन सँ बातचीत कऽ लोक गायिकाक स्वास्थ्यक जनतब लेलनि। मुख्यमंत्री नव दिल्ली मे बिहार रेजीडेन्ट कमीश्नर सँ सेहो गप कयलनि आ शारदा सिन्हाक समुचित इलाजक व्यवस्था करबाक निर्देश देलनि।

———————————————————————

राजगीर मे एगारह सँ बीस नवंबर धरि होबबला एशियाई चैंपियन हॉकी टुर्नामेंटक विजेता के देल जायबला ट्रॉफी गौरव यात्रा आइ दरभंगा पहुँचल। दरभंगा मे भव्य स्वागत भेल। जिला पदाधिकारी आ आनो अधिकारी लोकनि एहि ट्रॉफी गौरव यात्राक स्वागत कयलनि।

———————————————————————

सहरसा जिलाक सिमरी–बख्तियारपुर थाना क्षेत्रक भौरा चौक लऽग किछु अपराधी एक अधिवक्ता दुलालचंद्र शर्मा के गोली मारि कऽ हत्या कऽ देलक।

मधुबनीक नगर थाना क्षेत्रक वाटसन स्कूल मुख्य सड़क पर दू युवकक बीच भेल मामूली विवाद मे एक युवक के चक्कू मारि कऽ घायल कऽ देल गेल।

मुंगेर जिला मे मेडिकल जांच लेल लऽ जायल जा रहल चोरीक दू आरोपी हथकड़ी सरका कऽ भागि गेल।

———————————————————————

समाप्त